



Pibliye li imedyatman

PRAN POZISYON SOU KRIZ AYISYEN AN

Gwoup Refleksyon ak Aksyon pou yon Ayiti tou nèf (GRAHN) kondane vyolans yo ki ap ogmante an Ayiti, sitou nan zòn Pòtoprens (Port-au-Prince) epi nan deputman Latibonit (Artibonite).

Devan menas kraze-brize Leta ayisyen an, GRAHN mande tout moun ak gwoup ki konsène pou pran desizyon fè yon gwo efò kolektif nasyonal. Nan anbyans plen danje sa a ki anpeche tout moun byen viv, genyen obligasyon pou se enterè Nasyon an ki domine sou enterè pèsonèl.

Pi gwo priyорite a se asire sekirite tout sitwayen ak byen yo posede. Kòm Leta dezòganize epi mwayen li an feblès, soutyen patnè etranje yo nesesè pou jere kriz la. An menm tan, li nesesè pou Leta reòganize avèk yon chapant pi desantralize epi ekitab. Toudabò, fò genyen yon refòm konstitisyon an pou amelyore fonksyonman ak kalite enstitisyon nou yo, epi eleksyon demokratik onèt pou tout nivo yo nan chapant Leta a, men, pa nesesèman an menm tan.

Nasyon an an danje. Sosyete ayisyen an ap deperi. Vyolans ap frape pi fò san pinisyon. Responsabilite anbyans anachi sa a li separe ant moun ki kòmande oubyen ki pèmèt sitiyasyon sa a enstale. Epitou, se rezulta lese-grennen, neglijans moun ki responsab yo, kit yo andedan Ayiti, kit yo deyò, sitou lè yo fòse nou sibi move desizyon yo.

GRAHN ankouraje yon Leta baze sou lalwa kote chak responsab publik dwe rann kont, yon Leta kote se eleksyon demokratik ki bay pouvwa lejitim. Li denonse eksplwatasyon kategori sosyal ki prekari yo nan peyi a ak transfòmasyon yo nan yon teyat trafik ilegal tout kalite. Pou remete Nasyon an kanpe dyanm, li obligatwa pou ankouraje tout fòm edikasyon, avèk edikasyon sitwayen, patriyòtism, lespri byen viv pou tout moun, epi egalite chans yo.

Pou Ayiti kapab kanpe dyanm, li obligatwa pou genyen bon gouvènans (gouvernance) epi konbat koripsyon san rete. Nouvo Ayiti a ap reyalize lè enterè kolektif ap domine enterè pèsonèl, lè lespri syantifik ap gide aksyon nou, lè aksyon onèt ap anpeche koripsyon. Se sèlman konsa Ayiti ap kapab rejwenn diyite li ak respè li pami tout lòt Nasyon yo.

Osijè GRAHN

GRAHN-Monn se yon òganizasyon mondal ki genyen sitwayen vijilan, toupatou sou latè, ki vle kontribye, apati yon aksyon reflechi, pou yo rezoud pwoblèm Ayiti. GRAHN-Monn se yon òganizasyon ki louvri pou tout moun san eksepsyon. Li santré aksyon li sou konstriksyon yon Ayiti tou nèf. GRAHN-Monn chita sou dwa moun, pataj, solidarite, ledikasyon, respè pou anviwonnanman an ak devouman san limit pou byennèt tout moun.